ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№114 (23.522) ● 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 20, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Налшык къалэ округым и щIыпIэ щхьэхуэхэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъуэвыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Налшык къалэ округым Iэщым хьэщхьэрыIуэ уз къеуэлIауэ къыззрыщахутам къыхэкIыу, «Ветеринариемкlэ и Iуэхукlэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м ипкъ иткlэ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м №38/02-1156-м щIэту зыкъызэрыхуигъэзэа тхыгъэр и лъабжьуэ, хьэщхьэрыIуэ узым и къежьапIэр гъэкIуэда хъун мурадкlэ:

1. Налшык къалэ округым хыхьэ Щоджэнцlыкlым и цlэр зезыхьэ, Коммунистическэ, Къэбэрдей, Нэгумэм и цlэр зезыхьэ узрамкэм къызэщIаубыдэ щIыпIэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) махуэ 60-кlэ щыгъуэвын.

2. Мы унафэм и 1 Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIыналъэм унагъуэ Iэщхэр, хьэхэри джэдухэри хыхьэу, кърашыныр, къищынэмыщIауэ унагъуэ Iэщхэмкlэ сату а щIыпIэм щащIынкIыр карантиным и лъэхъэнэм къриубыдэу къызэтеГъэувыIэн.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм дэщIыгъуу хьэщхьэрыIуэ узым и къежьапIэр гъэкIуэдныжьмкlэ лэжьыпхьэхэр зэхилъхьэу зэфIигъэкIын.

4. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 16-м
№57-РГ

Лэскэн районым щыщ Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантиныр) щхьэщыхьжыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

«Ветеринарием и Iуэхукlэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 3.1-нэ статьям ипкъ иткlэ, хьэщхьэрыIуэ узыр зэрагъэкIуэдам къыхэкIыу:

1. Лэскэн районым щыщ Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм и щIыналъэм Гъурфым и уэрамым, уэрамдзкI №2-м, Лениным и уэрамым, уэрамдзкI №5-м я къуэхьым къриубыдэ и Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантиныр) щхьэщыхьжын.

2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Лэскэн районым щыщ Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъуэвыным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2017 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м къыдигъэкIа унафэ №25-РГ-м.

3. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 16-м
№58-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр Электрокъарукlэ къызэрызэрагъэпэщым шынагъуэ къытемыгъэхьэнымкlэ штабым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №152-УГ-мкlэ къищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр Электрокъарукlэ къызэрызэрагъэпэщым шынагъуэ къытемыгъэхьэнымкlэ штабым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр Электрокъарукlэ къызэрызэрагъэпэщым шынагъуэ къытемыгъэхьэнымкlэ штабым хэтхэр къащтэным и Iуэхукlэ» 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №152-УГ-мкlэ къищтам, мы къыкlэлъыкlуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Штабым хэгъэхьэн мы къыкlэлъыкlуэхэр:

Безниковэ И. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, тарифхэмкlэ, псэупIэм и Iэнатlэм щыкlэлъыплъыныжьмкlэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(Штабым и унафэщIым и къуэдзэщ)*.

Калинкин О. Г. - «Кавказ Ищхьэрэм энергиер тезыгуашэ и щIыналъэ зэхуаку компание» акционер зэгуфыкIыным зэIуакIэ и къудамэ «Къэббалъкъэнерго» Iуэхущlапlэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(Штабым и унафэщIым и къуэдзэщ, зэгурыIуауэ)*.

б) Штабым къыхэгъэкIыжьын Гъубжокъуэ Ю. М., Журавлёв А. И. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 13-м
№90-УГ

● КъБР-м и Парламентым

ЕджапIэхэр хуей зэщыхьахэр зэзыгъэкIужхэм?

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкlэ и комитетым иджыблагъэ къыззэрипэщa зэIущIэм щытепсэлъыхьащ курыт еджапIэхэм зэныкъуэкъу, зэщыхьэ къыщыхуэхэр зэхэзыгъэкI, ахэр зэзыгъэкIуж республикэм щыIэным.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд Iэхэущlапlэхэмрэ щыIэ **Дыщэкl Мадинэ**, депутатхэр, КъБР-м и Жылагъуэ палатэмрэ республикэм и министерствохэмрэ я лэжьакIуэхэр, ЩIалэгъуалэ палатэм щыщхэр.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкlэ и комитетым и унафэщI **Iэзычэ Светланэ** къалэта Iуэхум и мыхьэнэр къыхигъэщащ.

Жанатаев Сэлим жиIащ зэщыIеяхэр зэзыгъэкIуж щыIэныр гъэсэныгъэм и Iэмал нэхъыфIхэм зэращыщыр, школым зэныкъуэкъу къыщыхьуамэ, ар асыхьэту дэIэпыкъуэгъу зэрыхъур. Жанатаевым къыхигъэщащ апхуэдэхэр щылажьэ школхэм я унафэщIхэм жаIэм едаIуэу, егъэджэныгъэм пыщIа Iуэхущlапlэ по спутникхэм ящыщу 27-м ящыщIащ.

ЩIыпIэ самоуправленэм и органхэм, министерствохэмрэ ведомствохэмрэ хуагъэлъэгъуащ я Iэмыщlэ илъ транспортым ящыщу ГЛОНАСС спутник навигацэр зытрагъэувэну я мурад автомобилхэм я тхылъхэр 2017 гъэм фокIадзэм и 1-м ирихьэлIэу ягъэхьэзырыну.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

● Щlэ

Хьэршым пыщIа системэщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэхьэзыр ГЛОНАСС, ГЛОНАСС/GPS технологиещIэхэм ябгъ итy зэтраухуэ щIынапIэ навигацэ-хъыбарегъащIэ системэр. КъБР-м и Правительствэм и Тхьэмадэ Мусуков Алий абы теухуа унафэм иджыблагъэ Iэ тридзащ.

КъБР-м Транспортымрэ связымкlэ и къэрал комитетым и унафэщI Къудей Арсен къызэрыхигъэщамкlэ, ди республикэм щызэтраухуэр ещхьщ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм (США-м) илъэс бжьыгъэ хъуауэ къыщагъэсэбэп GPS системэм и зэхэлъыкIэм.

Урысей Федерацэм и ГЛОНАСС Iэхэутхьэбзэр хуэщIащ ар зытрагъэувэ автомобилыр здэщыт щыгъуэм сантиметр бжьыгъэкlэ нэхъ щымыуэу къихутэным. СистемэщIэм зэманыр здынэсари тынш дыдэу кърипщIэфынущ, щыуагъэ къыхимыгъэкIыу. ГЛОНАСС системэрэ хьэршым къыщызыкIухь ди спутникхэм ящыщу 27-м ящыщIащ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Къэрал къэпщытэныгъэхэр йокIуэкI

● ЕГЭ-2017

Ди къэралым и дэнэ щIыпIи хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми мы махуэхэм щокIуэкI Зыуэ щыт экзаменхэр. Дыгъуасэ, мэкъуауэгъуэм и 19-м, ныбжьыщIэхэм ятащ тхыдэмрэ химиемкlэ, щхьэж къыззрихам тету, экзаменхэр.

ТХЫДЭМКIЭ экзаменым хэтыну лъэIу тхылъ ятауэ щытащ щIыхь 1441-м. Iыхьитlу зэхэта, лэжьыгъэ 25-рэ къызэщIэзыубыдэ къэпщытэныгъэр сыхьэти 3-рэ дакъикъ 55-кlэ екIуэкIащ. Абы къыщыпхьын хуейщ нэхъ мащIэ дыдэу балл 32-рэ.

Химиер зытыну гупыж зыщIахэр щIыху 999-рэ хъурт. Ари Iыхьитlу зэщхьэщыхат, лэжьыгъэ 34-рэ хэтт. Ахэр гъэзэщIэным хухахат сыхьэти 3-рэ дакъикъэ 30-рэ. Химиер зытахэм къагъэсэбэпыну хуитащ калькуляторхэр. А экзаменымкlэ нэхъ мащIэ дыдэу къэпхьын хуейщ балл 36-рэ.

Экзаменхэр щекIуэкIащ къэпщытэныгъэ пункт 18-м. Ахэр зэрекIуэкIыр я нэIэм щIагъэтащ жылагъуэ кlэлъыплъакIуэхэмрэ Егъэджэныгъэмкlэ къэралпсо кlэлъыплъакIуэ Iэнатlэм и Iэщlагъэлъхэмрэ.

Тхыдэмкlэ, химиемкlэ ЕГЭ-м кърикIуахэр наIуэ къэхъунущ бадзэуэгъуэм и 4-м ирихьэлIэу.

Дыгъуасэрей къэпщытэныгъэхэмкlэ зэфIэкIащ ЕГЭ-2017-м и Iыхьэ нэхъыщхьэр. Мэкъуауэгъуэм и 20-м къыщыщIэдзауэ бадзэуэгъуэм и 1 пщIондэ ныбжьыщIэхэм ятыжынущ Iыхьэ нэхъыщхьэм хьэхьэ экзаменхэу щхьэусыгъуэ хэхакlэ ахэр зримыкъэлIэфахэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Гу зылъытапхъэ

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм папщIэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфIхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2017 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзынырэ мэкъуауэгъуэм и 25-м зэриухыр.

Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кIэнIейкIи 10-рэщ.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2017 гъэм мазаем и 21-м къыдигъэкIа унафэ №23-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м
Налшык къалэ №107-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэм зыщегъэжьыныжьмрэ мэкъумэш продукцэм и рынокыр щызэблэгъэкIыныжьмрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэр гъэзэщIэныжьмкlэ зыхуэплъэ мурадхэр зрагъэхъулIэн папщIэ зэрадэIэпыкъу субсидиехэр зэрыхухах хабзэр къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2017 гъэм мазаем и 21-м къыдигъэкIа унафэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2017 гъэм мазаем и 17-м къыщта унафэ №66-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м
Налшык къалэ №113-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

«Мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм гъэшым хэгъэхуэным трагъэкIуэдэн папщIэ федеральнэ бюджетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетымрэ щIыхуэхэ субсидиехэр зэрат Хабзэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2017 гъэм мазаем и 17-м къыдигъэкIа унафэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий.

НОБЭ

♦Зи псэупIэр Iэмалыншагъэкlэ зыхъуэжьын хуей хъуахэм я дунейпсо махуэщ

♦Зоопарккэм щаIыгъ пылхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦Узбекистан Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ. 1990 гъэм къащтащ я къэрал суверенитетым теухуа декларацэр.

♦Аргентинэм и лъэпкъ ныпым и махуэщ

♦Азербайджаным газым пыщIа и Iуэхущlапlэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэр щагъэлъапIэ

♦1933 гъэм СССР-м и прокуратурэ нэхъыщхьэр къызэрагъэпэщащ.

♦1937 гъэм Чкалов Валерий, Байдуков Георгий, Беляков Александр сымэ зэрыс АНТ-25 къхъулъатэр, Ищхъэрэ полюсыр зэпиупщIри, США-м щыщ Сан-Джасинтэ къалэм щетIысэхащ. Километр 10148-рэ хьу гъуэгуанэр абыхэм зэпачат сыхьэт 63-м щIигъкIэ.

♦1957 гъэм Москва Союзхэм я Унэм и Колоннэ залышхэм къыщызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м гъуазджэмрэ литературэмкlэ и гъэлъэгъуэныгъэр.

♦1991 гъэм Германием и парламентымрэ правительствэм хэтхэмрэ унафэ къащтащ къэралым и щыхьэру Берлин къалэр (Бонн и пIэкlэ) къэлъытэным теухуауэ.

♦1991 гъэм Латвиер техьэжащ 1922 гъэм къащтауэ щыта конституцэм.

♦Совет режиссёр-мультипликатор цlэрыIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Котёночкин Вячеслав** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокIу. Абы игъэувэ мультфильм гъэщIэгъуэн куэдыкIейм я нэхъ цIэрыIуэ хъуар «Ну, погоди!» жыхуIэращ.

♦ШэрджэсТхакIуэ **Къхъуэхъу Цуцэ** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокIу.

♦Совет усакIуэ, зэдзэкlакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Рождественский Роберт** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокIу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, МКЪУ-м и профессор, жылагъуэ лэжьакIуэ **Дроздов Николай** и ныбжьыр илъэс 80 ирокIу.

♦Австралием щыщ акрисэ цlэрыIуэ, «Оскар», «Золотой глобус» (щIэнейрэ), нэгъуэщI саугъэт куэди зыхуагъэфэща **Кидман Николь** и ныбжьыр илъэс 50 ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкlэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу кIыщвIэхынущ. Хуабэр мазхуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи къарур пхуримыкъуэ, уи акъыл гъэлажьэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Хъыбар гуапэ

Ласицкене Марие Стокгольм щытокIуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Ласицкене (лIы дэкIуэ иужькlэ Кучинэм а унэцIэр щыщтащ) Марие текIуэныгъэр къыщихьащ Швециием и къалащхьэ Стокгольм иджыблагъэ щекIуэкIа «Налкъутналмэс лигэм» и Iыхьэм икIи дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ.

Урысей Федерацэм атлетикэ псынщIэмкlэ и спортсменхэр дунейпсо утыку иджыри ирагъэхьэркъым, а спорт лIэужьыгъуэм допингыр куэду къыщагъэсэбэпу къызэрыщIагъэщам къыхэкIыу. АрщхьэкIэ Ласицкене Марие хуит ящIащ зы къэралми и щIыхьыр имыхъумэу и щхьэ закъуэкIэ зыкъигъэльэгъуэну. Абы хуабжьу екъулIэныгъэшхуэхэр кърикIуащ.

Мыгъэрей гъэмахуэ зэхьэзэхуэхэм зэрыщIидзэрэ Ласицкене Марие ди къэралми хамэ щыпIэхэми зэпеуэу блым щыхэтати, псоми щытекIуащ. Илъэс 24-рэ зи ныбжь ди лъахэгъур иджыпсту дунейпсо рейтингым щыпашэщ, метри 2-рэ сантиметри 4-рэ лъагагъыр къызэринэкIауэ. Дяпэкlи и екъулIэныгъэхэмкlэ дыззригъэгуфIэнум шэч хэлъкъым.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Атлетикэ псынщIэ

Олимп махуэм Налшык щыпожьэ

XXXIII Урысейпсо Олимп махуэр гъэлъэпIэным ипкъ иткlэ Хьэтlохьущокъуэм и жыг хадэм налшыкдзэхэмрэ абыхэм я хьэщIэхэмрэ хэту зэдэжэхэр къыщызэрагъэпэщ.

ГУКЪЫДЭЖ зиIэхэр зэпеуэнущ метр 500-р, 1000-р, 1500-р псынщIэу къэжьнымкlэ. Абы хэтыфынущ сабийхэм я деж щегъэжьауэ зи ныбжь хэкIуатахэм нэсыху.

Щэбэт къакIуэ, мэкъуауэгъуэм и 24-м, сыхьэти 9-м щыщIэдзауэ зэхьэзэхуэм кърихьэлIахэр щатхынущ Хьэтlохьущокъуэм и жыг хадэм и ихьэпIэ нэхъыщхьэм и деж. Зэдзэкэхэм щIидзэнущ сыхьэти 10-м.

А махуэ дыдэм текIуэхэмрэ къыхжьанкIахэмрэ Iэтащ ягъэлъэпIэнущ, саугъэтхэр иратынущ.

ТЕМЫР Дисанэ.

Къэрал къэпщытэныгъэхэр йокIуэкI

● ЕГЭ-2017

Ди къэралым и дэнэ щIыпIи хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми мы махуэхэм щокIуэкI Зыуэ щыт экзаменхэр. Дыгъуасэ, мэкъуауэгъуэм и 19-м, ныбжьыщIэхэм ятащ тхыдэмрэ химиемкlэ, щхьэж къыззрихам тету, экзаменхэр.

ТХЫДЭМКIЭ экзаменым хэтыну лъэIу тхылъ ятауэ щытащ щIыху 1441-м. Iыхьитlу зэхэта, лэжьыгъэ 25-рэ къызэщIэзыубыдэ къэпщытэныгъэр сыхьэти 3-рэ дакъикъэ 55-кlэ екIуэкIащ. Абы къыщыпхьын хуейщ нэхъ мащIэ дыдэу балл 32-рэ.

Химиер зытыну гупыж зыщIахэр щIыху 999-рэ хъурт. Ари Iыхьитlу зэщхьэщыхат, лэжьыгъэ 34-рэ хэтт. Ахэр гъэзэщIэным хухахат сыхьэти 3-рэ дакъикъэ 30-рэ. Химиер зытахэм къагъэсэбэпыну хуитащ калькуляторхэр. А экзаменымкlэ нэхъ мащIэ дыдэу къэпхьын хуейщ балл 36-рэ.

Экзаменхэр щекIуэкIащ къэпщытэныгъэ пункт 18-м. Ахэр зэрекIуэкIыр я нэIэм щIагъэтащ жылагъуэ кlэлъыплъакIуэхэмрэ Егъэджэныгъэмкlэ къэралпсо кlэлъыплъакIуэ Iэнатlэм и Iэщlагъэлъхэмрэ.

Тхыдэмкlэ, химиемкlэ ЕГЭ-м кърикIуахэр наIуэ къэхъунущ бадзэуэгъуэм и 4-м ирихьэлIэу.

Дыгъуасэрей къэпщытэныгъэхэмкlэ зэфIэкIащ ЕГЭ-2017-м и Iыхьэ нэхъыщхьэр. Мэкъуауэгъуэм и 20-м къыщыщIэдзауэ бадзэуэгъуэм и 1 пщIондэ ныбжьыщIэхэм ятыжынущ Iыхьэ нэхъыщхьэм хьэхьэ экзаменхэу щхьэусыгъуэ хэхакlэ ахэр зримыкъэлIэфахэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Гу зылъытапхъэ

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм папщIэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфIхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2017 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзынырэ мэкъуауэгъуэм и 25-м зэриухыр.

Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кIэнIейкIи 10-рэщ.

Ди индексыр 51531

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Іэмалхэр куэд мэхъу

Республикэм и сабийхэм я узыншагъэр егъэфІэкІуным, илъэс къэси хуэдэу, мы гъэми гулъытэшхуэ игъуэтынущ. Республикэм и лагерхэм, санаторэхэм зыщагъэпсэхунущ, я узыншагъэр щрагъэфІэкІуэнущ сабий минхэм.

ЗЭРЫЗАГЪЭПСЭХУНУМКІЭ тхыльхэр псом ящэ зратынур сабий зеинщэхрщ, бын куэд къыщыхъу, хуэмыщІа унагъуэхэм къыхэкІахрщ, апхуэдэу гъащІэм щытыкІэ гугъу иригъэува цІыкІухэрщ. Мы зэманым яубзыхуакІэщ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм лэжьэну сабий лагерхэмрэ санаторэхэмрэ. ЗыгъэпсэхуакІуэ щыІэ сабийхэр шхынкІэ къызэгъэпэщыным, я узыншагъэр къэщцытэным, зыхуей-зыхуэфІ хуэгъэзэным кІэлъыплъынущ а Іуэхугъуэхэр зи пщэрыльть министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, профсоюз зэгухьэныгъэхэр. Сабийхэм зыщагъэпсэхуну Іуэхугъуэлі эхэм Іэмал имыІэу хуагъэувэ кьалэнхэм ящыщу шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр, абыхэм видео кІэлъыплъынысІэхэр щыІэн хуейщ.

ЦІыкІухэм я узыншагъэр егъэфІэкІуэныр гулъытэ нэхъ зыхуащІхэм ящыщщ. Абы и лъэныкъуэкІэ Налшык и санаторэхэм яІэ Іэмал псори кьаГъэсэбэпынущ. Лагерхэм щыІэнущ сабий докутырхэр е фельдшерхэр, апхуэдэуи медсестрахэр. Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр купщІафІэу, нэгузыужьу икІи щІэщыгъуэ зэрырагъэкІуэкІынур яубзыхуащ, ар хуэунэтІащ щэнхабзэм, спортым епха Іуэхугъуэхэм сабийхэр драгъэхъэхыным. А Іуэхугъуэхэр я пщэм ильынущ лагерхэм, санаторэхэм гъэмахуэм и кІэуцІкІэ щыІэжьэну егъэджакІуэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ.

Сабийхэм гъэмахуэр щрахьэкІыну щыпІэхэр мы зэманым кьепщытэ абы кьыхуэзрагъэпэща Правительствэ комиссэ щхьэхуэм. Абы и пашэщ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Емуз Нинэ. Ар зи пашэ гупыр, КъБР-м Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр ІэнатІкІэ къыхэзгъэпащыныкІэ социальнэ дІэпІыкъуныгъэ етыныкІэ и министр Тюбеев Альберт, абы и къуэдзэ Романовэ Еленэ, а министерствэм унагъуэмрэ сабиигъуэмрэ социальнэ и лъэныкъуэкІэ защІэгъэкъуэныкІэ и къудамэм и унафэщІ Шаваев ТІэхьир сымэ зыхэтыр, иджыблагъэ щыІащ «Кавказ», «Къурш псынэ», «Къъужьей хадэ» сабий санаторэхэм. Абыхэм щыгъуазэ зыхуащІащ а зыгъэпсэхуПІэхэм сабийхэм я узыншагъэр щегъэфІэкІуэныкІэ щыщыІэ Іэмалхэм. Комиссэм хэтхэр щІыхьащ сабийхэр щыжеину пэшхэм, абыхэм я тепІэн-щІэлъыныр зыхуэдэр зрагъэлъэгъуащ.

КьинэмыщІауэ, кІэлъыплъакІуэхэм кьапщытащ санаторэхэм я шхапІэхэм яІэ Іэмалхэр. Апхуэдэу гупыр тепсэлъыхьащ сабийхэм ядэлжьэну Іэщ Іагъэлі хэр зыхуэдэми. КъызэралъытамкІэ, ахэр щытын хуейщ щІэныгъэ ябгъэдэлъу, сабийхэм ипэкІи яхэтарэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм щыгъуазэу. Гулъытэншэ ящІакьым мафІэсым зэрызыщахъымэну Іэмэпсымэхэри ныбжьыщІэхэм я шынагъуэншагъэм пыщІа нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэри.

КІэлъыплъакІуэ комиссэм и лэжьыгъэм мы махуэхэми пищэнущ. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр нэгузыужьу икІи гъэщІэгъуэну зи сабийхэм ирахьэкІыным хуэгъэпсащ абы и лэжьыгъэр.

КЪАРДЭН Ритэ.

● Зэпеуэ

«ЦІыхухэм папщІэ бюджет»

Бюджетыр кьыбгурызыгъаІуэ Іэмал нэхъыфІхэр къагъуэтын мурадкІэ, КъБР-м Финансхэмкіэ и министерствэм хьыбар фегъащІэ «ЦІыхухэм папщІэ бюджетым» щыгъуазэ зэращі проектхэм я зэпеуэм и республикІыхьэм (адзкІэ кьызэрыкІуэнур - зэпеуэщІ) хэтыну хуейхэм лъэІу тхьилъхэр кьыщцыІах пІалъэр зэрагъэІэпхъуамкІэ.

ЗЭПЕУЭМ хэт хьунущ цІыхухэри Іуэхущ іанІэхэри.

ЦІыхухэр зэрызэпеуэну лІэужьыгъуэхэр

●Бюджет: сэ стымрэ кІыхьэхъуэмрэ зыхуэдизыр

●Муниципальнэ къызэгъэпэщынгъэхэм я бюджетыр: упщІэхэмрэ жэуапхэмрэ

●Бюджет терминхэм я псалъалъэ

●«ЦІыхухэм папщІэ бюджетым» и социальнэ рекламэр

Іуэхущ іанІэхэм папщІэ:

●«ЦІыхухэм папщІэ бюджетым» и проект нэхъыфІ

●ЦІыхухэм папщІэ щыІэ къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр

●ЦІыхухэм папщІэ интерактив бюджетыр

●Къэрал (муниципальнэ) Іуэхущ іанІэм и финансхэм теухуауэ цІыхухэм ящІэн хуейр.

Текіуахэм І, ІІ, ІІІ нагъыщэхэм я дипломхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ иратынущ.

ЛъэІухэр кьыІах 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 25 пщІондэ.

Нэхъ зыубгъуауэ хьыбар зэвгъэщІэфынущ 147-рэ зыгъэщІагъ 42-05-85 телефонымкІэ, minfinkbr@bk.ru.

Зэпеуэр егъэкІуэкІынымкІэ унафэм фыщепльъ: http://pravitelstvo.kbr.ru/oigv/minfin/npi/prikazy.php

КъБР-м Финансхэмкіэ и министерствэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Интернетым иралъхьакъым

Бахъсэн районым и прокуратурэм кьипщытащ щыналъэм коррупцэм щыпэщІэтын и лъэныкъуэкІэ хабзэр щІыпІэ самоуправленэм и органхэм зэрагъэзащІэ щыкІэр. Абы кьихутащ 2016 гъэм муниципальнэ кьулыкъущІхэм яІэрыхьа хэхъуэм, зэращхуахэмрэ я мылькур зыхуэдизымрэ теухуа хьыбархэр Интернетым иралъхьэныжкІэ законодательствэм кьигъувэр Жанхъуэтекъуэ кьуажэм и щІыпІэ администрацэм зэримыгъэзэщІар.

АБЫ ИПКЪ ИТКІЭ кьуажэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм хуэгъэзауэ административнэ Іуэху кьаІэтащ УФ-м и КоАГ-м и 13.27 статьям и 2-нэ Іыхьэм егъэщІылаГъэ. Ар хэпІэн папщІэ зэзыгъэкІуэ сэшхуэ.

Апхуэдэу Жанхъуэтекъуэ щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм хуагъэуващ хабзэр кьызэпадауэ сэтей кьащІахэр игъэзэкІуэжыну.

ЩІалэгъуалэр зэщІигъэстырт

КъБР-м и прокурорым и кьуэдзэ Махуэ Артур Іэ тридзащ Налшык кьалэм щыпсэуэм теухуауэ кьаІэта уголовнэ Іуэхумкіэ зэрагъэкъуаншэ тхьилъым. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 205.2 статьям и япэ Іыхьэмрэ (терроризмэр нахуэу гъэзэхуэныр) УФ-м и УК-м и 280 статьям и 2-нэ Іыхьэмкіэ (экстремист щІэпхьаджагъэхэр ялэжьыну Интернетыр кьагъэсэбэпу нахуэу кьыхуеджэныр).

ЗЭРАГЪЭКЪУАНШЭ тхыльым Іэ тридза иужь, уголовнэ Іуэхур Кавказ Ищхьэрэ щІынальэ дзэ судым хуагъэхьащ хэпІэн папщІэ.

Ищхьэкіэ кьэдгъэлъэгъуа щІэпхъаджагъэхэм хуэдэхэр зылэжьхэр ягъэтІысу мэхъу илъэси 7-м нэс тралъхьэу.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ іанІэ.

**Лъэпкъ щІэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа, къэралпсо, дунейпсо лъытэныгъэ зиІэ еджагъэшхуэ, щІэблэм я унэтІкІуэ Іэкіуэлъакіуэ МэкІэтІей Абдулыхь Къасболэт и къуэр халъытэ ди Хэкум щылажьэ щІэныгъэ школ нэхъ лъэщхэм и къызэгъэпэщакІуэхэм. РАЕН-м, Технологие щІэныгъэхэмкІэ академием, ЩІДАА-м я академик, химие щІэныгъэхэм я доктор, профессор щІэрыІуэ МэкІэтІейм и гъащІэ псор хуигъэпсащ лъэпкъ зыужьыныгъэмрэ зыуэзщІыныгъэмрэ. Абы и гъэсэнхэм зэрыжаІэмкІэ, ди республикэм химиемкІэ щыІэ щІэныгъэ унэтІныгъэм и лъабжьэр зыгъэтІылъар, шэч хэмылъу, МэкІэтІей Абдулыхьщ. Щ.Іэныгъэ куу зэрыбгъэдэлъам и закъуэкъым МэкІэтІейм щыхьыщхуэрэ пщІэ лъагэрэ куэдым кьыхуащІу щІыщытар. Ар цІыхугъэ лъагэм, зэхэщІыкІ иным я щапхъэт. Абдулыхь и гъащІэ гъуэгум кьытехутэу и «псыпэпс» кьабзэм щыщ зы Іуфыгъуэ нэхъ мыхъуми зыІуэхуам, Іэмал имыІэу зыхищІэрт ар гу зэІухарэ псэ нэхурэ зиІэ щІыхь щэджащэр зэрыщытыр. Щ.Іыху щэджащэр иджыблагъэ дунейм ехьжащ.

ІУАЩХЬЭМАХУЭ телъ уэс кьабзэм, абы и лъапэм кьущІщІ мылыльэм кьыщІэж псынэпсхэр щІэдзапІэ зыхуэхъу Балъкъэпсым Іус Балъкъ адыгэ жылэм 1942 гъэм и мэлыжьыхьым кьыщалъхуат МэкІэтІейр. Быным я нэхъыщІэ щІалэ цІыкІур унагъуэм я сабий ебланэт. Абдулыхь и адэр ящыщт щІэныгъэ гуэр зыбгъэдэлъу кьуажэм я зэманым дэсахэм. Абы фІыуэ ищІэрт хьэрпылбзэр, кьеджэфырт КъурІэным, апхуэдэуи урысыбзэм ихуэшэрыуэт. И сабиигъуэр КъурІэным, апхуэдэуи урысыбзэм абы кьыкІэлъыкІуа лъэхъэнэ хьэпъэмрэ хихубыдам, зи адэр зи щапхъэу кьэтэдж щІалэ цІыкІур къэхъуащ щІэныгъэм хуеІэу, дунейм и зэхэлъыкІэмрэ абы кьыщІыхъу Іузхугъуэхэмрэ я щэхур кьихутэным игури и псэри хуэзІухауэ. Кьуажэ школым щыщІэса илъэсхэм ар хуабжьу дахьэхырт есэпымрэ физикэмрэ. А щІэныгъэр зи лъабжьэ кьэхутэныгъэхэм а зэманым хуабжьу заужьу хуежьат: дунейм щагъэунэхурт атомнэ, ядернэ Іэщхэр, СССР-м 1957 гъэм дунейм псом щыяпэу хьэрпым яутІыпщат Іэрыщі спутникхэр. А екъулІэныгъэ лъагэхэм иригушхуэ, ирипагэ совет цІыкІухэм ящыщт зи щІалэгъуэ Абдулыхьи.

Школыр кьущІух илъэсым щІалэщІэр дзэзыхьэх предметхэм химиери кьахэхъуащ, уеблэмэ сэхьихьыну Іэщ Іагъэри химиеи епхауэ зэрыщытынри хьэкъуи пхыкІащ. Абы жиІэжу зэрыщытамкІэ, Іэхум щІэдзапІэ хуэхъуащ полимерхэм ятеухуауэ кьызэджауэ щыта тхьилъ хьэлэмэтыр. Синтетикэ полимер зэмылІэужьыгъуэхэм я фІыгъэкІэ щІыІэпсым кьимыгъэщІа пкъыгъэхэр щІыхум ищІыкІынну Іэмал зэрыщыІэм зэуэ дихьэхащ МэкІэтІейр икІи мурад быдэ ищІащ а щІэныгъэ унэтІныгъэр куууэ иджыну.

Кьуажэм дзт курыт школыр дыжьын медалкІэ 1959 гъэм кьиуха нэужь, ар лъэпощхьэпоуншэу щІэтІысхьащ Москва дзт химико-технологие институтым (иджы Урысей химико-технологие университет), Менделеевым и цІэр зезыхьэм. Адыгэ щІалэр хуеджащ «Пластмассэхэмрэ синтетикэ каучукымрэ я химие технологие» Іэщ Іагъэм. Еджэным фІы дыдэу зэрехьулІэм кьыдэкІуэу, Абдулыхь жыджэру хэтащ хэралым и еджапІэ нэхъыщІыхьэхэм ящыщ зым щекІуэкІ жылагъуэ гъащІэм. Студент илъэсхэм хуозэ абы и япэ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэри. А институтым абы щигъуэтащ щІэныгъэ куу, щыІыхуащ дунейпсо цІэрыІуагъ зиІэ щІэныгъэлІ куэд, яхуэзащ ГъащІэм и пІалъэ, и зэхэлъыкІэ фІыуэ зыщІэ нэхъыжьыфІхэм. Институтыр и «Хэку цІыкІу етІуанэн» жызыІэу щыта Абдулыхь езыгъэджахэм ящыщщ профессорхэу Смирновэ Ольгэ, Колесников Иван, академик Коршак Василий сымэ, нэгъуэщІхэри. Адыгэ щІалэщІэм зэфІэкІ абрагъуэ хьыкъэрыкъуэкІынур кьащІат жьыжь кІуэцІрыпІыф а щІэныгъэлІ щыпкъэхэм. Институтыр диплом пльыжькІэ кьиуха нэужь, а еджагъэшхуэхэм я чэнджэщкІэ МэкІэтІейм и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ аспирантурэм. Абы и япэ курсым щІэсу адыгэ щІалэр хагъэхьауэ щыташ коммунист партым (а лъэхъэнэм ар пщІэ лъагэт икІи дзыхьышхуэт). Хабзэ зэрыхуэхъуам тету, Абдулыхь жыджэру хэтащ аспирантурэм щекІуэкІ ГъащІэм и лъэныкъуэ куэдым. Зэреджэм, къэхутэныгъэхэр зэрыригъэкІуэкІым кьадджауэ, ар щытащ институтым и студентхэмрэ аспирантхэмрэ я щІэныгъэ зэгухьэныгъэм и пашэу, еджапІэ нэхъыщхьэм и лІыкІуэ гупым и унафэщІу мызэмытІэу хэтащ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я къэралпсо, дунейпсо зэхуэсхэм.

1968 гъэм ирихьэлІэу МэкІэтІейм игъэхьэзыраща икІи екъуліэныгъэкІэ Москва щыпхигъэкІащ и къэхутэныгъэ лэжьыгъэр. Абы къыфІащащ химие щІэныгъэхэм я кандидат цІэ лъапІэр. Махуэ димыгъэкІыу ар яужь ихьащ доктор диссертацэми. Абы и гъунэ ирилъауэ, Абдулыхь къигъэзэжащ щалъхуа щІыналъэм икІи лэжьыгъэм щыпищащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэралуниверситетым. 1970 гъэм къыщыщІэдзауэ илъэс 20-м щІигъукІэ МэкІэтІейр щытащ университетым и химие кьуажэмэ органикэ, биологие химиемкІэ, полимерхэм я химиемрэ технологиемкІэ и кафедрэм и унафэщІу. 1974 гъэм Абдулыхь утыку ирихьащ и доктор диссертацэ купщІафІэр. ЩІэныгъэ дунейм щІэупщІэшхуэ щызыгъуэта а лэжьыгъэри екъуліэныгъэкІэ Москва щыпхигъэкІащ МэкІэтІейм. И диссертацэр зытриущІыхьа Іузхугъуэхэр и тегъэщІапІэу, щІэныгъэлІым КъБКъУ-м кьыщызэригъэпэщащ полимерхэм ехьэлІа къэхутэныгъэщІэхэр щызэфІах лабораторэ щхьэхуэ. Электрон техникэм щэщІауэ щыщыжь лъэхъэнэти, щІэныгъэлІыр елэжьырт а Іэнатіэм кьащыбгъэсэбэп хьуну полимер технологиещІэхэм, апхуэдэуи абы студентхэр щыхуригъаджэрт химико-технологие Іэщ Іагъэм.

КъБКъУ-м и институтхэм ящыщ зым (ИВС-м) и унафэщІу щыту, ар жыджэру хэлэжьыхьащ «Марс» опытхэр щагъэув конструктор-технологие бюром (ОКТБ) и зэфІэувэныгъэм. МэкІэтІейм и фІыгъэкІэ а лъэхъэнэм хуабжьу зиужьауэ щытащ ар зи пашэ кафедрэми химико-биологие факультетми я мылъку-техникэ лъабжьэм. Абы щыгъуэ Іэнатіэм игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэр ягъэщІагъуэрт куэдым. КъБКъУ-м кьакІуэ хьэщІэ лъапІэхэм яфІэтелъыджэт республикэ цІыкІум полимер химием апхуэдэу зэрызыщиужьар, а унэтІныныгъэмкІэ университетым иІэ мылъку-техникэ лъабжьэ лъэщыр. МэкІэтІейм кьиузэригъэпэща лабораторэм полимерхэм ехуэзэ щрагъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэм ятеухуа тхыгъэхэр щІэныгъэ журнал цІэрыІуэхэм кьытехуэрт. А къэхутэныгъэхэм я нэхъыбапІэр дуней псом щыяпэу кьыщІикІырт. Институтым щезыгъэджа академик Коршак хуэдэхэм хэрата щІэныгъэ куум адэкІи хигъахъуэурэ, Абдулыхь нэхъри нэхъ щэщІауэ зритырт фІыуэ ильагъуэ лэжьыгъэм, и доктор диссертацэр щытриуихуауэ щыта Іузхугъуэм, екъулІэныгъэщІэхэмрэ лъагапІэщІэхэмрэ ягъэхуэзауэ щыта щІэныгъэ щІэхэмрэ лъагапІэщІэхэмрэ ягъэхуэзышэм.

Профессор щыпкъэм и нэІэм щІэту кьэхутэныгъэщІэхэр ирагъэкІуэкІырт щІэныгъэм япэ лъэбакъуэхэр хэзычэ куэдым. МэкІэтІейм къызэригъэпэщауэ щыта щІэныгъэ школым нобэ кьызэщІеубыдэ щІэныгъэхэм я докторрэ кандидату 150-м щІигъу. Абыхэм я нэхъыбапІэр КъБКъУ-м, КъБКъМУ-м щолажьэ. Абдулыхь и гъэсэнхэм яхэтщ Урысей Ислъэмыкъ щІыналъэм, Москва дзт еджапІэ нэхъыщхьэхэм ирагъэблагъэхэри. Дунейпсо іуэрыІуагъ зиІэ щІэныгъэлІым щІэрыІуагъ Италием, Мексикэм, Норвегием, Мысырым, Узбекистаным, Азербайджаным, нэгъуэщІ хамэ кьэралхэми я еджапІэ нэхъыщхьэхэм. Абдулыхь и щІэныгъэ школым епхауэ кьэхутэныгъэхэр зэфІэзыхьхэм я лэжьыгъэхэр щІэх-щІэхыуэх кьытохуэ журнал зэмылІэужьыгъуэхэм. Апхуэдэ щІэныгъэ статьяхэм я бжьыгъэ 1000-м, монографиехэр 20-м щІегъу. Ахэр я пІалъжьэу кьахьащ авторскэ свидетельствэрэ патенту 150-м щІигъу.

МэкІэтІейр пщІэ хуащІу хагъэхьат щІэныгъэ журнал щІэрыІуэ зыбжанэм я редколлегием. Абы езым кьызэригъэпэщат икІи и редактор нэхъыщхьэт «Полимерхэмрэ полимер композитхэмрэ щІэуэ кьыхьыхьэр» щІэныгъэ журналым. Абы и нэІэм щІэту КъБКъУ-м щылажьэу щыта «Полимерхэмрэ композитхэмрэ» егъэджэныгъэ центрым нанотехнологиехэмкІэ щрагъэкІуэкІ кьэхутэныгъэщІэхэм щІэупщІэшхуэ яІэщ, грантхэр кьахьэхуф икІи федеральнэ программэхэр зи лъабжьэ проектхэм щолэжь.

Еджагъэшхуэм бгъэдэлъа зэфІэкІ лъагэхэр нэхъри наІуэ хуэщ ар Менделеевым и цІэр зезыхьэу Москва дзт РХТУ-м и профессору, Карповым и цІэр зезыхьэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым нанокомпозитхэмкІэ и лабораторэм и унафэщІу щыщыта илъэсхэмэ. А лъэхъэнэм щІэныгъэлІым зэфІиха къэхутэныгъэхэм ящыщ куэд иужькІэ кьыщагъэсэбэпащ промышленностым и Іэнатіэхэм.

Иригъэкіуэкіа апхуэдиз щІэныгъэ-къэхутэныгъэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэм кьадэкІуэу, МэкІэтІей Абдулыхь жыджэру хэтащ къэралым щеГъэсэныгъэ, ГъащІэм и пІалъэ, и зэхэлъыкІэ фІыуэ зыщІэ нэхъыжьыфІхэм. Институтым и «Хэку цІыкІу етІуанэн» жызыІэу щыта Абдулыхь езыгъэджахэм ящыщщ профессорхэу Смирновэ Ольгэ, Колесников Иван, академик Коршак Василий сымэ, нэгъуэщІхэри. Адыгэ щІалэщІэм зэфІэкІ абрагъуэ хьыкъэрыкъуэкІынур кьащІат жьыжь кІуэцІрыпІыф а щІэныгъэлІ щыпкъэхэм. Институтым диплом пльыжькІэ кьиуха нэужь, а еджагъэшхуэхэм я чэнджэщкІэ МэкІэтІейм и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ аспирантурэм. Абы и япэ курсым щІэсу адыгэ щІалэр хагъэхьауэ щыташ коммунист партым (а лъэхъэнэм ар пщІэ лъагэт икІи дзыхьышхуэт). Хабзэ зэрыхуэхъуам тету, Абдулыхь жыджэру хэтащ аспирантурэм щекІуэкІ ГъащІэм и лъэныкъуэ куэдым. Зэреджэм, къэхутэныгъэхэр зэрыригъэкІуэкІым кьадджауэ, ар щытащ институтым и студентхэмрэ аспирантхэмрэ я щІэныгъэ зэгухьэныгъэм и пашэу, еджапІэ нэхъыщхьэм и лІыкІуэ гупым и унафэщІу мызэмытІэу хэтащ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я къэралпсо, дунейпсо зэхуэсхэм.

1968 гъэм ирихьэлІэу МэкІэтІейм игъэхьэзыраща икІи екъуліэныгъэкІэ Москва щыпхигъэкІащ и къэхутэныгъэ лэжьыгъэр. Абы къыфІащащ химие щІэныгъэхэм я кандидат цІэ лъапІэр. Махуэ димыгъэкІыу ар яужь ихьащ доктор диссертацэми. Абы и гъунэ ирилъауэ, Абдулыхь къигъэзэжащ щалъхуа щІыналъэм икІи лэжьыгъэм щыпищащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэралуниверситетым. 1970 гъэм къыщыщІэдзауэ илъэс 20-м щІигъукІэ МэкІэтІейр щытащ университетым и химие кьуажэмэ органикэ, биологие химиемкІэ, полимерхэм я химиемрэ технологиемкІэ и кафедрэм и унафэщІу. 1974 гъэм Абдулыхь утыку ирихьащ и доктор диссертацэ купщІафІэр. ЩІэныгъэ дунейм щІэупщІэшхуэ щызыгъуэта а лэжьыгъэри екъуліэныгъэкІэ Москва щыпхигъэкІащ МэкІэтІейм. И диссертацэр зытриущІыхьа Іузхугъуэхэр и тегъэщІапІэу, щІэныгъэлІым КъБКъУ-м кьыщызэригъэпэщащ полимерхэм ехьэлІа къэхутэныгъэщІэхэр щызэфІах лабораторэ щхьэхуэ. Электрон техникэм щэщІауэ щыщыжь лъэхъэнэти, щІэныгъэлІыр елэжьырт а Іэнатіэм кьащыбгъэсэбэп хьуну полимер технологиещІэхэм, апхуэдэуи абы студентхэр щыхуригъаджэрт химико-технологие Іэщ Іагъэм.

КъБКъУ-м и институтхэм ящыщ зым (ИВС-м) и унафэщІу щыту, ар жыджэру хэлэжьыхьащ «Марс» опытхэр щагъэув конструктор-технологие бюром (ОКТБ) и зэфІэувэныгъэм. МэкІэтІейм и фІыгъэкІэ а лъэхъэнэм хуабжьу зиужьауэ щытащ ар зи пашэ кафедрэми химико-биологие факультетми я мылъку-техникэ лъабжьэм. Абы щыгъуэ Іэнатіэм игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэр ягъэщІагъуэрт куэдым. КъБКъУ-м кьакІуэ хьэщІэ лъапІэхэм яфІэтелъыджэт республикэ цІыкІум полимер химием апхуэдэу зэрызыщиужьар, а унэтІныныгъэмкІэ университетым иІэ мылъку-техникэ лъабжьэ лъэщыр. МэкІэтІейм кьиузэригъэпэща лабораторэм полимерхэм ехуэзэ щрагъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэм ятеухуа тхыгъэхэр щІэныгъэ журнал цІэрыІуэхэм кьытехуэрт. А къэхутэныгъэхэм я нэхъыбапІэр дуней псом щыяпэу кьыщІикІырт. Институтым щезыгъэджа академик Коршак хуэдэхэм хэрата щІэныгъэ куум адэкІи хигъахъуэурэ, Абдулыхь нэхъри нэхъ щэщІауэ зритырт фІыуэ ильагъуэ лэжьыгъэм, и доктор диссертацэр щытриуихуауэ щыта Іузхугъуэм, екъулІэныгъэщІэхэмрэ лъагапІэщІэхэмрэ ягъэхуэзауэ щыта щІэныгъэ щІэхэмрэ лъагапІэщІэхэмрэ ягъэхуэзышэм.

Профессор щыпкъэм и нэІэм щІэту кьэхутэныгъэщІэхэр ирагъэкІуэкІырт щІэныгъэм япэ лъэбакъуэхэр хэзычэ куэдым. МэкІэтІейм кьиузэригъэпэщауэ щыта щІэныгъэ школым нобэ кьызэщІеубыдэ щІэныгъэхэм я докторрэ кандидату 150-м щІигъу. Абыхэм я нэхъыбапІэр КъБКъУ-м, КъБКъМУ-м щолажьэ. Абдулыхь и гъэсэнхэм яхэтщ Урысей Ислъэмыкъ щІыналъэм, Москва дзт еджапІэ нэхъыщхьэхэм ирагъэблагъэхэри. Дунейпсо іуэрыІуагъ зиІэ щІэныгъэлІым щІэрыІуагъ Италием, Мексикэм, Норвегием, Мысырым, Узбекистаным, Азербайджаным, нэгъуэщІ хамэ кьэралхэми я еджапІэ нэхъыщхьэхэм. Абдулыхь и щІэныгъэ школым епхауэ кьэхутэныгъэхэр зэфІэзыхьхэм я лэжьыгъэхэр щІэх-щІэхыуэх кьытохуэ журнал зэмылІэужьыгъуэхэм. Апхуэдэ щІэныгъэ статьяхэм я бжьыгъэ 1000-м, монографиехэр 20-м щІегъу. Ахэр я пІалъжьэу кьахьащ авторскэ свидетельствэрэ патенту 150-м щІигъу.

МэкІэтІейр пщІэ хуащІу хагъэхьат щІэныгъэ журнал щІэрыІуэ зыбжанэм я редколлегием. Абы езым кьызэригъэпэщат икІи и редактор нэхъыщхьэт «Полимерхэмрэ полимер композитхэмрэ щІэуэ кьыхьыхьэр» щІэныгъэ журналым. Абы и нэІэм щІэту КъБКъУ-м щылажьэу щыта «Полимерхэмрэ композитхэмрэ» егъэджэныгъэ центрым нанотехнологиехэмкІэ щрагъэкІуэкІ кьэхутэныгъэщІэхэм щІэупщІэшхуэ яІэщ, грантхэр кьахьэхуф икІи федеральнэ программэхэр зи лъабжьэ проектхэм щолэжь.

Еджагъэшхуэм бгъэдэлъа зэфІэкІ лъагэхэр нэхъри наІуэ хуэщ ар Менделеевым и цІэр зезыхьэу Москва дзт РХТУ-м и профессору, Карповым и цІэр зезыхьэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым нанокомпозитхэмкІэ и лабораторэм и унафэщІу щыщыта илъэсхэмэ. А лъэхъэнэм щІэныгъэлІым зэфІиха къэхутэныгъэхэм ящыщ куэд иужькІэ кьыщагъэсэбэпащ промышленностым и Іэнатіэхэм.

Иригъэкіуэкіа апхуэдиз щІэныгъэ-къэхутэныгъэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэм кьадэкІуэу, МэкІэтІей Абдулыхь жыджэру хэтащ къэралым щеГъэсэныгъэ, ГъащІэм и пІалъэ, и зэхэлъыкІэ фІыуэ зыщІэ нэхъыжьыфІхэм. Къыщалъхуа махуэщхьэм, илъэс 75-рэ щрикъум, нэсыным махуитІ-щы фІэкІа имыІэжу дунейм ехьжащ Абдулыхь. Езыр кьытхэмытыжми, иремыгъэщ куэдрэ абы и гъащІэм и псынэпс кьабзэр, узыншэу кІэлъырепсэу кьыщІэна унагъуэр, кьыщІэхъуэ щІэблэр, и лъэужьым ирикІуэ и гъэсэнхэр, и фэеплъ нэхур яхъумэу.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Адыгэ щІэныгъэлІхэр

● Бахъсэн щІыналъэ

Япэ колхоз зэхуэс. Вагъуэ цІыкІур зытетыр Іуащхьэмахуэ япэ дыдэу дэкІа адыгэлі Чылар Хьэшыр и къуэм и къуэ Къэрэбэтщ.
1929 гъэ, Кушмэзыкъуей къуажэ

● Гу зылъытапхъэ

Электрокъарум и уасэм зехъуэж

«Къэббалъкъэнерго» акционер зэгухьэныгъэм кьызэритамкІэ, КъБР-м Энергетикэмкіэ, тарифхэмкіэ, псэупІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъынымкІэ и къэрал комитетым 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м кьыдигъэкІа унафэ №67-м 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ зехъуэж цІыхухэм я къагъэсэбэп электрокъарум и уасэм.

Къалэдэсхэм ящыщу щыІэ хабзэхэм тету газ хьэкухэмкІэ къызэгъэпэща унэхэм щыпсэухэм, абыхэм япэлъыта адрей цІыху гупхэм къагъэсэбэп электрокъарум 1 киловатт-сыхьэт кьэс **соми 3-рэ кІэлпейкІэ 58-рэ** щІатынущ.

Соми 2-рэ кІэлпейкІэ 51-рэ зы киловатт-сыхьэтым хуэзэу щІатынущ мы кьыкІэлъыкІуэхэм:

къалэдэсхэм ящыщу электрокъарукІэ лажьэ зэрыпщафІэ хьэкуэр зыщІэт, апхуэдэу электрокъарукІэ ягъэпІъ унэхэм щыпсэухэм;

къуажэхэм щыпсэухэм;

жыг хадэхэр, хадэхэкІхэр гъэкІынымкІэ, дачэхэмкІэ цІыхухэм я зэгухьэныгъэхэм.

«Къэббалъкъэнерго» акционер зэгухьэныгъэм аргуэру зэ фигу къегъэкІыж энергиер кьызэрапщ Іэмэпсымэхэм 2017 гъэм мэкъуаугъуэм и 30-м ирихьэлІэу кьагъэлъэгъуа бжьыгъэхэр Іэрыьыгъэхьэну, апхуэдэу кьэгъэсэбэпа электрокъарум и уасэр и зэманым фыпщынын зэрыхуейр.

«ТекIуэныгъэм фыпэплъэ!»

Сосналы СулътIан и цIэр Кавказым и тхыдэщIэм хэтха хъуащ. А цIыхум адыгэ лъэпкъым и пщIэр зэрИIэтам шэч хэлъкъым.

СССР-р зэхэкъутэжу абы хыхьэ лъэпкъхэр я щхьэхуитыныгъэм щIэхъуэпс щыхъум, мамырыгъэм и уасэм фIыуэ хэхъуащ. Захуагъэм щIэбэн лIыхъужьхэм япэщIэту тепщэныгъэм хуэпабгъэ щхьэзыфIэфIхэри утыку къихьащ. Абыхэм я зэхуаку къыщыхъей къаугъэхэращ, зэрыжаIэщи, лажьэрэ шхэжу псэу цIыхубэм я гупсэхугъуэр къэзыгъэтIасхъэр. Зи гугъу тщIы илъэсхэм Сосналы СулътIан Кавказым и бгыры лъэпкъхэм я конфедерацэм мамырыгъэр хъумэныжмкIэ и унафэщIт. Аращ щхьэусыгъуэ хуэхъуари абы Абхъазымкlэ кIуэ гъуэгур пасэу зэрыпхишам.

Куржы-абхъаз зэрыхьзэрийм и гуащIэгъуэр къыщыблэгъам, Сосналым и ныбжьыр зэрыхъур илъэс 50-т. Ар подполковникт, Сызрань дэт Авиацэмкlэ еджапIэмрэ маршал Жуковым и цIэр зезыхьэ академиемрэ къиухри, СССР-м и узгур зыхъумэ дзэхэм кхъухлъатэзехуэу, иужькlэ авиацэмкlэ Iэзхущlапlэм и унафэщIу илъэс зыбжанэкlэ лэжьат. Кавказым и мамырыгъэр хъумэныр къалэн щыхуэхъум, лъэпкъ зэхэгъэж жыхуаIэр имыщIэу, ар осетинхэмрэ ингушхэмрэ, куржыхэмрэ абхъазхэмрэ я зэхуаку дэтащ, ахэр зэгурыгъуэным, псалъэ къыззхуагъэуэныным еIалIэу. Зауэр къыщыхъеям: «Дэ дыззауэр куржыкъым, икIи сонэкъым, икIи мингрелкъым, - жиIат Сосналым, телевиденэмкlэ абхъаз цIыхубэм захуигъазэу. Дыззауэр абхъазыщIым къэкIуауэ цIыхухэр зэтезыкIэ зэрыпхъуакIуэхэрэ. Абы пэщIэтыныр дэ тщыщ дэтхэнэ зыми и къалэн лъапIэщ. ТекIуэныгъэм фыпэплъэ!»

ТекIуэныгъэри жьжьэ щымыIэу къыщIэкIащ. Апсныр хуит щыхъужа махуэм Сосналым Ингури псыежэхым щыщ къригъахъуэри, Абхъазым и президент Ардзинбэ Владислав абы иригъэлIыбыну ежьащ, бийм хэкур зэрибгынам и щыхьэту, хъыбарыфIыр ипэ ешам лъигъэIэсмэ и туапэу.

Илъэс зыбжанэ дэкIыу илъэс 66-мит генерал Сосналы СулътIан дунейм щехыжым, хъыбар гущIыхьэм абхъазыщIыр зэлъиущIысащ. Ардзинбэ Владислав абы и унагъуэм къыхуэгузэвауэ щытащ: «Генерал Сосналыр игъащIэкIи диту илъынущ лIыгъэм, щыпкъагъэм, захуагъэм я щапхъэу. Абы тхыдэм хэмыгъуэщэжьн Iэзхутхъбзэ ди лъэпкъым къыхуищIащ. Дзэпщ, цIыхубэ унафэщI Сосналы СулътIан цIыху щэджащэт, совет нэужьым къэунэхуа тхыдэм зэкъуэшыгъэр, илъэс куэдкIэ зэкъуэхуауэ щыта кавказ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр къэгъэщIэрэщIэжныим абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ».

Сосналым зэрихьа лIыгъэр цIыхухэм хъыбар кIэщIу къаIэрихьэ щхьэкIэ, ар а лъагапIэм хуэкIуащ езым и гъэсэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ я фIыгъэкIэ. СулътIан и гурыгъуэным, псалъэ къыззхуагъэуэныным еIалIэу. Зауэр къыщыхъеям: «Дэ дыззауэр куржыкъым, икIи сонэкъым, икIи мингрелкъым, - жиIат Сосналым, телевиденэмкlэ абхъаз цIыхубэм захуигъазэу. Дыззауэр абхъазыщIым къэкIуауэ цIыхухэр зэтезыкIэ зэрыпхъуакIуэхэрэ. Абы пэщIэтыныр дэ тщыщ дэтхэнэ зыми и къалэн лъапIэщ. ТекIуэныгъэм фыпэплъэ!»

ТекIуэныгъэри жьжьэ щымыIэу къыщIэкIащ. Апсныр хуит щыхъужа махуэм Сосналым Ингури псыежэхым щыщ къригъахъуэри, Абхъазым и президент Ардзинбэ Владислав абы иригъэлIыбыну ежьащ, бийм хэкур зэрибгынам и щыхьэту, хъыбарыфIыр ипэ ешам лъигъэIэсмэ и туапэу.

Илъэс зыбжанэ дэкIыу илъэс 66-мит генерал Сосналы СулътIан дунейм щехыжым, хъыбар гущIыхьэм абхъазыщIыр зэлъиущIысащ. Ардзинбэ Владислав абы и унагъуэм къыхуэгузэвауэ щытащ: «Генерал Сосналыр игъащIэкIи диту илъынущ лIыгъэм, щыпкъагъэм, захуагъэм я щапхъэу. Абы тхыдэм хэмыгъуэщэжьн Iэзхутхъбзэ ди лъэпкъым къыхуищIащ. Дзэпщ, цIыхубэ унафэщI Сосналы СулътIан цIыху щэджащэт, совет нэужьым къэунэхуа

СулътIанрэ абы и щхьэгъусэ Любэрэ. *1991 гъэ*

Абхъазым и ипэ президент Ардзинбэ Владиславрэ Сосналы СулътIанкIэ. *1994 гъэ*

Сосналыхэ я унагъуэр. *2005 гъэ*

• Президентхэм я псалъэ

Дзэ дипломат лъэщ

Абхъаз лъэпкъыр гъащIэмрэ ажалымрэ хэдэн хуей щыхъум, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхъэрэм, Ипщэ щIыналъэм и адрей хэгъэгухэм яцIыщ ди къуэшхэр къаззрыкъуэувам ди зэхущытыкIэхэр ефIэкIуэнымкIэ къаIэнышхуэ ягъэзэщIащ. Сэ а лъэхъэнэ гугъум зыкъытIэззыгъэкъуа щIалэ щэ бжыгъэ куэд я цIэкIи, я фэкIи сощIэж, ауэ а псоми къахьэзэгъэщхьэхуКI Сосналы СулътIан. Абы и цIэр Абхъазым щIэлъэуэ хуащу къыщапсэлъ. Зауэм щыгъуэ абы мыжейуэ ирихьэкIа жэщхэр, ди щIалэхэр биимебгъэрыкIуэным гуащIэрэ акъылу хилъхьар си нэгу щIэтщ. Ди ТекIуэныгъэр къэблагъэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ Сосналым. Абы и закъуэкъым: зауэ нэужьым ди хэкум и зыхъумэжныгъэ IэнатIэм зегъэужьынми ди къэралыгъуэр гъэбыдэнми хэлIыфIыхьащ, лъэныкъуитIым зэдедгъэкIуэкIа зэпсэлъэныгъэхэми жыджэру хэтащ ар. А псори и щыхьэтщ Сосналы СулътIан дзэ дипломат лъэрызехьэу зэрыщытам.

АРДЗИНБЭ Владислав.

Апсным папщIэ

Абхъазым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхъэрэ псом иужьрей зэманым цIыху щэджащэу яIахям яцIыщщ Сосналы СулътIан. Абхъазым и лъэхъэнэ нэхъ гугъу дыдэм цIыху тельыджэу къыттхыхьат ар - къэкIуат текIуэныгъэр къизэуну. Урысей Федерацэм Абхъаз Республикэр щхьэхуиту къыщилъытам, сэ жысIауэ щытащ ар зи фIыщIэр Сосналы СулътIан и унафэм щIэту зэуа, хэкIуэда щIалэхэр зэрыарар.

БЭГЪЭПЩ Сергей.

Лыхъусэжь нэгъэса

Си кIэн къикIри, а цIыху гъэщIэгъуэным и гъусэу илъэс куэдкIэ сылэжьэну къысхуихуащ.

ДЗЭПЩ Сосналы СулътIан хуэдэ гъуэтыгъуейт, абы хэлъыр дзэ унафэщIым и хьэлэмэ я закъуэтэкъым, атIэ цIыху зэпIэзэрытт, интеллигентт. Дзэ лэжьыгъэм сызэрыхуэмыхамэм тещIыхьауэ жысIэфынущ СулътIан командир, дзэпщ къызэрыгэкIыу зэрыщымытар.

Совет Армэм хъыжьэу игъэса, IэнатIэм къупыкъушхуэ щызыIэрызыгъэхьа лIым иджырей дунейм узыщримыхьэлIэ хьэл-щэнт игъэлъагъуэр. Лыхъусэжь нэгъэсат ар... ИкIи сыт хуэдэ лъагапIэхэм дэмыкIами, а щэным зэи текIакъым.

Сигу кьинэжащ Сосналым япэу сыщрихьэлIа махуэр. Ар зауэм и пэщIэдзэ дыдэт, Гудаутэ дэт «Волга» санаторэм дыщызэхуэзат. Сэ слъэгъуащ ешаифэ зытет, макъ щабэкIэ, ауэ ткIийкIэ унафэ зыщI лIыр.

Зэи хуэдмыщIэжьафэм къытхуищIащ абы а лъэхъэнэм. Кавказ къуршхэм къызэпрыкIыу, и къуэш адыгэжэр и гъусэу куржы-абхъаз зауэм къэкIуа СулътIан, текIуэныгъэр къэтха нэужьи ди деж къэнат лъэпкъыдзэ къызэригъэпэщын папщIэ. А дзэпщым и къарурэ узынщагъэрэ емыблэжу абы щыгъуэм тхузэтриихуа IэнатIэм нобэ зыдогъэжь. Абы фIыуэ ильагъурт и хэку Урысейри, и лъахэ щыкIу Къэбэрдей-Балъкъэрри. Ауэ Абхъазэри апхуэдэ дыдэу фIыуэ ильагъуфащ, игу дыхьащ.

Апхуэдизкlэ фIыуэ ильагъурт абхъазыщIри, и зыгъэпсэхугъуэ плалъэр къэсу Къэбэрдей-Балъкъэрым кIуэжа пэтми, Абхъазым къигъэзэжри, Зыхъумэжныгъэмкlэ министерствэр и нэлэ щIэту ди дзэр иригъэфIэкIащ. Хахуагъэ зыхэлъ цIыхурщ апхуэдэ дзэпщ лъэрызехьэ хъуфынур. Апхуэдэт Сосналыр. Абхъазым и лъэпкъ лIыхъужьыр, ди адыгэ къуэшыр зэи тщыгъупщэнукъым.

АНКВАБ Александр.

НапэкlуэцIыр зыгъэхьэзырар **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

Сосналы, Тамбий, Шыпш лъэпкъхэм щыщ зэблагъэ гуп. *1913 гъэ*

Зэдэлъхуэзэшыпхъухэр: СулътIан, Гулэ, Лалусэ, Анатолэ.

И къуэ Мурат щыгъуу.

И къуэрылъхухэр (Леонидрэ Русланрэ) къыбгъэдэтщ.

Лъэужь нэху

• Ди зэманым и лIыхъужь

ЛIыхъужькIэ уэздэжэну хэт зыхуэфащэр? ЛIыхъужь нэсщ лъэпкъ уэрэдыжьхэм зи хъыбар нобэм къахьэса лIы захуэхэр, зауэлI хъыжьэхэр. ЛIыхъужькIэ уэздэжэ хъун ди зэманым щымыIэжьину къытщохъу икIи апхуэдэурэ йокIуэкI, ауэ лъэпкъыр гъэунэхуплI йохуэри, лIыгъэ зиIэм зегъэлъагъуэ, напэ зиIэр Iупщ къохъу. И лIыгъэрэ акъылкIэ лъэпкъ тхыдэм къыхэна зы адыгэлI дэ, XXI лIэщIыгъуэм щыпсэухэм, тлъагъуну, и макъ зэхэтхыну, и IуэхущIафэ дыкIэлъыплъыну къытхуихуащи, ди нэгу къыщIэнауэ щIэтщ.

ЗИ ГУГЪУ тщIыр Сосналы СулътIанщ. Си фIэщ хъуркъым лIыхъужьыщIэр абы хуэмыфащэу жызыIэн зы цIыху дунейм тету. Абы и пщIэр лъагэщ, езым и дуней тетыкIамкIэ кьилэжьыжащи.

Ауэ зымыщIи щыIэнщ Сосналым и гъащIэр къызэрекIуэкIа дыдэр. Кхъухлъатэ-истребителыр игъэIурыщIэу, дзэ авиацэм къэралым зихьумэжьыным тещIыхьауэ зыщагъэужь лъэхъэнэм ирагъэкIуэкIыу щыта къэхутэныгъэхэм хэту илъэс щэщIкIэ къулыкъу ирихьэкIащ Сосналым. Къэрал нэхъ лъэщ дыдэхэм хабжэ Совет Союзым и гъунапкъэхэр зэрихьумэж Iэмал нэхъыщхьэр авиацэр арати, ар зэпымыууэ ирагъэфIакIуэрт. 524-нэ авиацэ полкыр кхъухлъатэ нэхъ ехьэжьауэ къежьа МиГ-25 жыхуаIэмкIэ зэщIаузадэ, зэман кIэщIым къриубыдэу ар гъэIурыщIэным эхуэдэ къэсэ. Лэжьыгъэр зи нэIэ щIэту екIуэкIа Сосналыр Iэхъум зэрехьэпIэр къалъытэри, полк унафэщI ящIащ.

«СССР-м ЩIыхь зиIэ и дзэ кхъухьлъатэзехуэ» цIэр зэрихьэу, Бэракъ Плъыжь орденыр, медалхэр пщIы бжыгъэу иIэу авиацэм къыхэкIыжащ. ИужькIэ «Къэббалъкъгражданстройм» и тхьэмадэм и къуэдзэуи лэжьащ.

Зауэм и пIалъэ фIыуэ зэрищIэр, и щIэныгъэрэ и акъылкIэ куэдым зэрефIэкIыр къалъытэри, Сосналыр Абхъазым ираджауэ щытащ, нобэ хуитныгъэ зиIэ а къэрал цIыкIыр Куржым «игъэсабырыну» яужь щихьа 1992 гъэм. А илъэсым и шыщхьэуIу маазэм и 14-м, зэрыщIэщыта, адыгэм лъэпкъ къуэпскIэ кьыгухьэ абхъазхэм зауэ хэбгъэпылIащ куржыхэм. Куэд ятхащ, куэд жаIащ Сосналым абы щыгъуэм лъэкIам теухуауэ. Къытрагъэззэжурэ жаIэми лей щIэмыхьу щхьэусыгъуэращ: псалъэкIэ кьыпхуэIуатэркъым абы хуэзфIэкIам и мыхьэнэмрэ игъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэм, акъылым, зэфIэкIым я инагъымрэ я кууагъымрэ. Мыбдеж щылтт зауэм зыкIи хуэмыихьэзыр лъэпкъ цIыкIунитIэм и дзэ кьызэгъэпэщынымрэ абы и унафэр щынымрэ уи пщэ къыдэхуэныр? И пщIыхьэпIэ къыхэхуат абы Iэщэкlэ зэщIэуэздарэ гущIэгъу гуэри зыхэмылъыж бийр зытеуа а лъэпкъыр къригъэлыну?! КIэщI дыдэу утепсэлъыхьмэ, мис ахэращ Сосналы СулътIан а зэманым и пщэ къыдэхуамрэ игъэзэщIамрэ, ауэ нэсу утетхыкьын щIэбдзэмэ, псори къыпхуэмыIуэтэныр хэлъщ. Дэри абы яужь дихьэнкъым, тхыдэтхэмрэ а лъэхъэнэм набдзэгубдзаплъэу хэплъа цIыху пщIы бжыгъэхэмрэ дащыгугъынщ СулътIан и гъащIэмрэ и гущIэмрэ кьанэ щымыIэу тепсэлъыхьыну. Ауэ дызыбгъэмыкIыфын зы Iэхъугъуэ щыIэщ. Ар абхъазхэм кьащхьэщыжьын мурадкIэ зызыIэту зауэм и гуащIэгъуэм хьхьа щIалэхэмрэ абхъазыдзэм и унафэщIымрэ яку дэлъа зэхущытыкIэхэращ. ЗэрытщIэжщи, Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэр мы зауэм щыгъуэ зи телъхьэу къэувар абхъазхэращ икIи абыхэм ящыщу цIыху щэ бжыгъэхэр зэуащ, я псэ емыблэжу. Езы Сосналым иужькIэ зэрыжиIэжу щытамкIэ, ар тIэкIу иригъавэрт къэбэрдейхэм дапхуэдэу загъэлъэгъуэну пIэрэ, жиIэу. Ауэ и гузавэр псынщIэу щхьэщыкIри, гушхуэныгъэ кьищтащ - мо и лъэпкъэгъуэхэм хьэл зэпIэзэрыт, жьIэдэIуагъэ яхэлът, лIыгъэкIи адрейхэм кьакIэрымыхуу, ефIэкIыу апхуэдэти.

Адыгэ щIалэхэм я напщIэ телът абхъазыдзэм и пашэр зэрыадыгэр жыпIэмэ, ауэ сытми телът! Сосналым ирипагэхэм а зэманым яхэтакъым адыгэмрэ абхъазымрэ зэкъуэшу зымыльытэ, лъэпкъитIыр зэпэIэщIэ зыщIыфын къару щыIэу. Ауэ, тIум щы-гъуэми, мопхуэдизэ зи Iущагъыимрэ зи Iэзагъымрэ Къэбэрдейм щыщу, езыхэр къызыхэкIам къахэкIауэ – ар куэд и уасэт. Е уасэ зимыIэт...

Зауэм щыгъуи, иужькIи Сосналыр адыгэ щIалэхэм щапхъэу ящтэри, и пщIэр лъагэу яIэтащ. Псалъэ куэд жызымыIэ езы Сосналым и лъэпкъэгъуэхэм я тэуеуауэ фIы фIэкIа къыжьэдэкIакъым. Дагъуэ гуэри яхуимыщIар пэж хъункъым, ауэ и хьэлыр хурикъуащ, а дагъуэхэр утыку Iэхъу имыщIу, ягуригъэIуэну.

Зауэр псэзэпылъхьэпIэщи, гуауэ къежьапIэщ. Хэкур зыхъумэну Iэщэ къэзыщта щIалэхэр щэ бжыгъэкIэ хэкIуэдащ Абхъаз щыналъэм щекIуэкIа зэрыукI шынагъуэм, зи къуэ, зи щхьэгъусэ, зи къуэш зыфIэкIуэдахэм я гуауэр нобэми мыухщ, адэншэу къэтэджа бынхэми я гур хуэныкъуэщ адэ лъагъунигъэм. Зауэм и гуащIэгъуэм лъэпкъыр къегъэлыныр куэдыщэкIэ зэпытта дзэ унафэщIыми и гур хэмыщIу кьэнакъым. Шынэ зымыщIэу, лIыгъэ зыгъэпсэлъэу дунейм ехьыжэм щхьэкIэ: «Сыту гущIыхьэ, фIым я фIыжхэр тфIокIуэд...», - жиIэрт Сосналым, ауэ лIы и псалъэкIэ и гухэщIыр кIэлъыIуэтэрт: «Уи псэ зыщIэптар пщIуэ дунейм уеужьынур - ар узыщIэхъуэпсын хуэдэщ».

ЖысIэмэ, сигу кьызэфIэнэу, жызмыIэу кьэзгъанэми къемызэгъыу щытщ Абхъазым кьащхьэщыжьну кIуахэм си дэлъху Къанакъуэ Нурхьэлий зэрахэтар. Яхэта къудейкъым, и псэр щIитащ Абхъазым и щхьэхуитныгъэм. Нурхьэлийрэ Науржан Ибрэхьимрэ а зауэжьым япэу Iухьа адыгэ щIалэхэм ящыщщ икIи ипэ дыдэу хэкIуэдахэщ. ТIуми я фэепльыр Гагрэ къыщхьэщыт Мамзыщхьэ бгым тетщ, абы гъэзгу бгъуфIэ докIри, щIыпIэр цIыху кIуапIэщ. Си дэлъхур дунейм ехьажа нэужь къыхуагъэфащащ Леон и орденыр...

Нурхьэлий зэрысабийрэ тхыдэр фIыуэ ильагъурт, адыгэм ди тхыдэм теухуауэ нэхъыбэ къызэрищIэным иужь итт. Адыгэм ди кьежьапIэри Къанакъуэ лъэпкъым и лъабжьэри фIэгъащIэгъуэну иджырт, икIи и гур хэхуэрт лIыхъужь хъыбар щрихьэлIэхэм деж. ЛIыхъужь нэс, щапхъэу игъэувын адыгэлI езыр зыхалъхуа зэманми кьыщилъыхуэрт. Си дэлъхуми абы и гъусэу зауэм Iухьа адрей щIалэщIэхэми апхуэдэ щапхъэ я пащхьэ итащ - ар Сосналы СулътIанщ.

Нобэ Сосналыр лъэпкъым хэтыжкъым, ауэ абы и цIэр тхыдэм кьыхэнащ, и зэфIэкI инымрэ и акъыл нэхумрэ кьызыхуэ IухэущIафэ тельыджэхэр илэжьыну хунэсати.

КЪАНЫКЪУЭ Заринэ.

● Фыщlэ

Жэуаплынытгъэ лъагэ

Къэлэбатэ Рустам

Уэзышагъэм нэхърэ нэхъ лъапlэ иlэкъым цlыхум. Ар къыщыдгурыlуэри уэзым дыкъигъэдзыха нэужьщ. Абы и лъэныкъуэкlэ сэ иджыблагъэ щыткlэ хьэлъэ зихуат, си гъащlэмкlэ сигъэгъзавзэу. Апхуэдэхэм деж ди гугъапlэ псори эзгъэхьу дохутырхэращ.

СЭ сызыпэщlэхуа дохутырым, КъБР-м Уэзышагъэр хъумэнымкlэ и министерствэм и хирург нэхъыщхьэ, медицинэ щlэныгъэхэм я кандидат, Нарткъалэ дэт, районхэм эздай сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Къэлэбатэ Рустам, и ныбжькlэ щlалэми, хуэзфlэкlащ узыфэ хьэлъэр сщхьэщихьн икlи гукъыдэж сиlэу гъащlэм сыхигъэпльэжьын.

Сымаджэщым онкологиемрэ малоинвазивнэ хирургиемкlэ и къудамэм щылажьэ псори зыпэрыт Iэщlагъэм къыхуигъэща жыхуаIэм хуэдэщ, дэтхэнэми и кьалэныр жэуаплныгъэ пылъу зэфlагъэкl. Мыбы сызэрыщlэлъа зэманым сэ хьэкъ сщыхуащ зи Iэщlагъэм фlыуэ хэзыщlыкl, медицинэм щlэуэ къыхьхьэ Iэмал псори я Iэнатlэм къыщагъэсэбэнкlэрэ операцэ гугъуэхэр екъулlэныгъэ яIэу зыщlыф дохутыр щlалэхэр республикэм зэрыдиIэр.

Сыхьэтитхум нэблагъэкlэ Къэлэбатэ Рустам, хирург Лапун Бачэ и дзэпкъуэгъуу, операцэр ирагъэкIуэкIащ. Абыхэм яхэлъ Iэзагъышхуэм и щыхьэтщ дэ къыстемыхьэлъэу сыкъызэрызэфlэувэжар. Операцэр тэмэму зэрызэфlэкlар куэдкlэ и фIыгъэщ анестезиолог Къультырбей Мурат зи пашэ гупым. ИужькIэ си узышнагъэр тэмэму зэфlэувэжыхукlэ икъукlэ къызэлIэлIау къыскIэлъэлпльащ Лапун Бачэ.

Дохутырым къуихьэлlэ хущхьуэм хуэдэуи мыхьэнэшхуэ иIэщ сымаджэр зэрыхъужьынур и фIэщ щIынми. Ар фIы дыдэу ядгуроIуэ мы къудамэм щылажьэхэм, дэтхэнэ зыми гукlи пэжки хуэгъмащIэу, я гукъыдэжыр псалъэ дахэхэмкlэ къыхуаIэтыжу ябгъэдэтщ. Цlыху гумащIэхэщ, щабэхэщ, гущIэгъу зыхэлъхэщ, я щIэныгъэкlи Iэщlагъэкlи дэбгъуэн щымlэу дохутыр нэсхэщ.

Гъащlэм гуфlэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ сиIэу сыхэзыгъэплъэжа дохутырхэу Къэлэбатэ Рустам, Лапун Бачэ, Къультырбей Мурат, къудамэм и медсестрэхэм фIыщlэ яхузощlи икlи сохъуэхъу я зэфlэкlыкlэм хэжъуэу, екъулlэныгъэ, насып яIэу, дуней дахэм гу щахуэу псэуну.

ШЭШЭН Риммэ.

● Къармэхьэблэ дэт 1-нэ курыт еджапlэр илъэс 80 ирокъу

Адыгагъэ дахэм щlапlыкlа

Къармэхьэблэ дэт 1-нэ курыт еджапlэр илъэс 80 ирокъу (зи цlэ фlаща Къамбий Мухьэб хуэфашэу, еджакIуэхэм щlэныгъэ куу ирату, адэ-анэхэри къахуэарэзыуэ егъэджакIуэ куэд щылэжьащ. Абыхэм ящыщ зыщ нобэ зи гугъу фхуэсщlыну цlыхубз гуащlафlэр.

ЛУ (Мэлбахъуэ) Галинэ Хьэсэнбий и пхъур 1961 гъэм фокlадэм и 10-м къыщалъхуащ. КъБАССР-м и Аруан щlынальэм хыхь Арщыдан къуажэм. Абы дэт еджапlэр къиуха ныужь, 1978 гъэм ар КъБКъУ-м химиемкlэ и къудамэм щlэтlысхьащ икlи 1983 гъэм ехъулlэныгъэкlэ къиухащ. Щlэныгъэм дихьэха пщащэ цlыкlум мурад ищlащ адэкlи и щlэныгъэм хигъэхъуэну, икlи «неорганическая химия» кафедрэм лаборант къыщIэнагъэщIащ зэман гуэркlэ. Ауэ Лухэ я унагъуэ ихьа нэужькlэ абы Къармэхьэблэ къуажэм дэт курыт еджапlэм вожатэ нэхъыжьу лэжьэн щыщlдзащ. А зэманым, пионерием и гуащIэгъуэм, а лэжьыгъэ Iэнатlэм мыхьэнэшхуэ зэриар ди нэхъыжьыфIхэм ящlэж. Вожатэ лэжьыгъэм къыдэкIуэу, музыкэмкlи сабийхэр ираг Iаджэрт. 1988 гъэм Галя (апхуэдэущ и лэжьэгъэжь дыдэреджэр), сабийхэм фIыуэ зэрагурыIуэр, и лэжьыгъэр фIыуэ къыззрехьулlэр кьалъытэри, классыщlэ лэжьыгъэмкlэ къызэгъэпэщакIуэ Iэнатlэр и пщэ далъхьащ. ИужькIэ а лэжьыгъэм и цlэр яхъуэжащ, унафэщlым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкlэ и къудзэ жиIэу. А Iэнатlэр Галя пщlэрэ щlыхьрэ пылъу ирихьэкIащ илъэс 18-кlэ. Къапщтэмэ, Лу Галинэ егъэдзэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэ мытынымышъ илъэс 35-кlэ пэрытащ. А зэманым къуриубыдэу Дзэлыкъуэ щlынальэм зы зэпеуи щекIуэкIакъым ди еджакIуэхэр жьыджэру хэмыту. «Нарт хасэ», «Дахэнагъуэ», «Илъэсым и еджакIуэ нэхъыфI», «Илъэсым и пашэ», «IуэрыIуатэм и дуней дахащэ» - мы зэпеуэхэм ди еджапlэм и гъэсэнхэм увыпlэ нэхъыфIхэр къыщамыхьу зэи къэнакъым.

Езы еджапlэм адыгэ лъэпкъым и тхыдэм, и хабзэм, и Iуэрыуатэм теухуауэ, «Блэкlа зимыIэм къэкIуэни иIэкъым» къыхуеджэнхэм щIэту, лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ, абы и къызэгъэпэщакIуэ нэхъыщхьэр Лу Галинэт. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэр щекIуэкIым деж, еджакIуэхэм щIэгъэхуэбжьауэ щIаджыкIырт адыгэ Iуэрыуатэр, ди таурыхъэм къытращIыкlа тепльэгъуэхэр ягъэувырт, пасэрей унэльащIэ хьэпшыпхэр зэхуахьэсырт. Апхуэдэурэ зэхуахьэса хьэпшыпхэр къэгъэсэпащ еджапlэм музей къыщыщIэзIуахым, иджыри дригушхуэу ахэр зыдохь.

Комсомолри пионериери 90 гъэхэм ди къэралым щыщыкIуэдыжам, ди еджапlэм ахэр къыщызэтенауэ щытащ, нэгъуэщI фIэщыгъэхэр ягъуэтауэ ноби а зэгухьэныгъэхэр мэлажьэ.

А зэманым ди еджапlэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкlэ Урысейпсо зэпеуэм 3-нэ увыпlэр къыщихьауэ Фаридэ сымэщ. Бзылъхугъэхэр зэхуэсахэм чэзууэ яхутепсэлъыхьащ усэ тхыным зэрыдихьэхам, кьалэмыр къащтэным хуэзыгъэуш, дэрэжэгъуэ кьезыт Iэхугъуэхэм, я усэхэр гъащIэм и псэгъэгуфIэ-дахагъэм, лъагъуныгъэм, зыгъэпIейтей Iэхугъуэхэм зэрытеухуам.

Къыжьыlапхъэщ проззкlэ тха зи усэхэр къыдэкIыгъуэм ихуа Къудей Фаридэ абы и пэкlэ «Черим: дарю добро», «Всё смешалось в доме Эмили», «Си псэм и хэщIапlэ» тхьпlэ щхьэхуэхэр зэрирlэр. Мэржэхъу Фатlимэ, Хьэщlэлl Заирэ, Бэджокъуэ Бэллэ сымэ нэхъапэIуэкlэ газет, журнал зэмылIэжьыгъуэхэм я усэхэр къытехуащ.

Пшыхьэм кърихьэлIащ къыдэкIыгъуэм зи усэ ихуам я благъэхэр, Iыхьлыхэр, усэ фIыуэ зыльгъагъуэр, ирагъэблагъахэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Си пщыкъуэ Назир

● Фэеплъ

Цlыхум блэкlа зэманым иту утепсэлъыхьыну гугъущ. Мы тхыгъэр зытеухуар си пщыкъуэ Нот Назир Мурадин и къуэрщ. Фlэщщыгъуэрщ ар къэзымыцlыхурэ абы и фIыщlэ къыбжезымыIэфынрэ Хьэтуей жылэм дэсу.

НАЗИР зы къуэш - Жантемыр - иIэу арат. Хэку зауэшхуэр къыщыхьаеи 1940 гъэм, Назир дунейм къытехьа къудейуэ, я адэр фронтым ираджащ икlи хъыбарыншэу кIуэдащ. Зэкъуэшхэм сабиигъуэ яIакъым. Хэку зауэшхуэм и ужь зэман хьэлъэм ахэр пасэу балигъ ищIащ. Я анэм щIыгъуу тIури я къару емыблэжу колхозым хэлэжьыхьащ. Анэм и щIалитIыр иплащ, иригъэджащ, гъэсэныгъэ дахэрэ Iэщlагъэрэ яритащ, адэ зыщхьэщытым иримыгъэхъуапсэу кьигъэхъуащ.

Гугъуехьым балигъ дэхьуа Назир псапэ куэд илэжьащи, Алыхьым кьритыж. Анэкъулхъуфlым хуэдэу хьэсхъущыта пщыкъуэм унагъуэ дахэ кьиэзринэкlащи, и бынхэр я адэм хуэфащэу, абы и хабзэр я бзылпхъэу, ар ящымыгъупщэу Тхьэм куэдрэ кIэлъыгъэпсэу.

НОТ Сарэ.
Хьэтуей къуажэ

Бзылъхугъэ усакIуэхэм утыку кърахьэ

«Акрополь» нэгузегъэужьыпlэ Iуэхущlапlэм утыку къыщрахьащ «Принт Центр» тхылъ тедзапlэм иджыблагъэ къыщыдэкIа «Антология женской поэзии» тхылъыр. Iуэхур зи жэрдэмри тхылъым и редакторри тхакIуэ Къудей Фаридэщ.

КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ихуащ усэ зытххэу «Фейсбук» социальнэ сайтым ныбжьэгъу щызэхуэхъуа адыгэ бзылъхугъэхэм я усэхэр. Ахэр егъэджакIуэ Мэржэхъу Фатlимэ, журналист Хьэщlэлl Заирэ, дизайнер цlэрыIуэ Бэджокъуэ Бэллэ (Мейкъуапэ кьалэ), Къудей Фаридэ сымэщ. Бзылъхугъэхэр зэхуэсахэм чэзууэ яхутепсэлъыхьащ усэ тхыным зэрыдихьэхам, кьалэмыр къащтэным хуэзыгъэуш, дэрэжэгъуэ кьезыт Iэхугъуэхэм, я усэхэр гъащIэм и псэгъэгуфIэ-дахагъэм, лъагъуныгъэм, зыгъэпIейтей Iэхугъуэхэм зэрытеухуам.

КъыжьыIапхъэщ проззкIэ тха зи усэхэр къыдэкIыгъуэм ихуа Къудей Фаридэ абы и пэкIэ «Черим: дарю добро», «Всё смешалось в доме Эмили», «Си псэм и хэщIапIэ» тхьпIэ щхьэхуэхэр зэрирIэр. Мэржэхъу Фатlимэ, Хьэщlэлl Заирэ, Бэджокъуэ Бэллэ сымэ нэхъапэIуэкIэ Iуэхугъуэхэм я усэхэр къытехуащ.

Пшыхьэм кърихьэлIащ къыдэкIыгъуэм зи усэ ихуам я благъэхэр, Iыхьлыхэр, усэ фIыуэ зыльгъагъуэр, ирагъэблагъахэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Лэжьыгъэм пащэ

КъБР-м Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ щыIэ министерствэм цlыхуэхэм ягу къегъэкIыж хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Iэщlэр, абы иралъхьэ щэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ хабзэхъумэ Iэнатlэхэм иратыну Iэмал зэрагъэхьу.

И фIэфIыныгъэкlэ Iэщlэр зыт дэтхэнэми абы пэкIуэ ахъшэ иратынущ.

Пэкlуэ ахъшэр зыхуэдизыр:

КIэрахъуэмрэ револьверымрэ - сом 15000, автоматым - сом 20000, пулемётым - сом 25000-рэ, ГП-25, ГП-30 гранатэдзым - сом 15000, РПГ-7, 7В, 27 гранатэдзым - сом 17000, РПГ-18, 22, 26, 27 зэ къэгъэсэбэпыгъуэ гранатэдзым - сом 15000, СВД фочым - сом 25000-рэ, кIэрахъуэ-пулемётым - сом 15000, щакIуэ карабиным - сом 6000, щакIуэ фочым - сом 3000, газкIэ лажьэ кIэрахъуэмрэ револьверымрэ - сом 1000, кIэрахъуэ, револьвер Iэрыщlым - сом 5000, ягъауэ Iэмэпсымэ Iэрыщlым - сом 500, кьагъауэ пкъыгъуэ (гротил, пластид, аммонит, аммонал, нэгъуэщIхэри) зы граммым - сом 5, кьагъауэ Iэмэпсымэм (ВВ, СВ-хэри хьихьэу) - сом 3000, къэзэрагъауэ Iэмэпсымэм (электродетонатор, капсюль-детонатор, къэзыгъауэ - зым тещlыхьауэ, мафIэ, электрокъару зэрыкIуэ кIапсэхэр - метр бжыгъэм тещlыхьауэ) - зым сом 200, штатнэ боеприпасым - сом 2000, РПГ-м и шэм - сом 2500-рэ, РПО-А мафIэдзым - сом 10000, гранатэдзым (ВОГ-30, 25, 25П) и шэм - сом 2500-рэ, гранатэм (Ф-1, РГО, РГН, РКГ-3ЕМ, РГ-42) - сом 2000, инженер лагъымым (сапер лагъым) - сом 1000, шэ къэс - сом 10 хуэзэу.

АвтомашинэщIэ 56-рэ къаIэрохьэ

КъБР-м Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ щыIэ министерствэр зыхуей-зыхуэфIкlэ къызэгъэпэщыным тегъуэуэ къыIэрыхьащ хэкум, нэгъуэщI къэралхэм къыщыщIагъэкIа автомашинэ 56-рэ.

КЪЭРАЛ автоинспекцэм, Уголовнэ къэлъыхьэныгъэмкlэ управленэм я лэжьакIуэхэм, полицэм и участковэ уполномоченнэхэм иджы яIэнуущ Iэмэпсымэщlэхэмкlэ зэщIэуэзда «Грантэхэмрэ», «Фордхэмрэ», УАЗ-м и «Патриотхэр».

КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ и министр, полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь, министрым и хуэдэ къаIэныр пIалъэкlэ зыгъэзащlэ, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Уэтэр Владимир, КъБР-м щыIэ МВД-р зыхуейхэмкlэ къызэзыгъэпэщ и центрым и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Егиазаров Андрей, республикэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщI, полицэм и полковник Бэджыбэ Юрий сымэ епlащ машинэщIэхэм.

Ромашкин Игорь жиIащ я лэжьыгъэм сыткlи хуэгъэпса автомашинэщIэхэр хабзэхъумэхэм я къаIэнхэр тэмэму агъэзэщlэнымкlэ сабэ зэрыхъунр.

КъБР-м Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ щыIэ министерствэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

● Iуащхьэмахуэ щыIнатlэм къратыкI

Гъащlэ узыншэм къыхураджэ

Iуащхьэмахуэ щыIнальэмрэ Тырныауэ къалэмрэ я администрацэхэм я лэжьакIуэхэр иджыблагъэ хэтащ «Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьныгъэмрэ сахуэхьэзырщ» урысейпсо физкультурэ-спорт комплексым и мардэхэр тыным.

ФИГУ къэдгъэкIыжьынщи, накъыгъэм и 13-м къыщыщIэдзауэ мэкъуауэгъуэм и 11 пщIондэ ГТО-м и къэпщынэтыгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIащ. Абы хэтыну Iэмал яIащ зи ныбжьыр илъэс 18-м къыщыщIэдзауэ 70-м нэблагъэ дэтхэнэри. ЩIыналъэм и муниципальнэ лэжьакIуэхэм пашэхэм яхэту комплексым и мардэхэр ятащ икlи цlыхухэр гъащIэ узыншэм къыхуэзыджэ щапхъэр ягъэлъэгъуащ.

КъуькъущIэхэр зэхьэзэхуащ къызэдзэжьмкlэ, ядрор жьыжьу дзынымкlэ, Iэпщэкlэ зыдэIэтеинымкlэ, жьыжьу лъэныкъо. ГТО-м къигъэув нэгъуэщI лIэужьыгъэхэмкlи къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIащ ар пщэрылъ зыхуащIа, Iуащхьэмахуэ куейм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкlэ и комитетым и лэжьакIуэхэм. Зэпеуахэм кьагъэльэгъуа зэфlэкlхэр ГТО-м и къэпщытэныгъэхэмкlэ центрым ирагъэхьри, абы щыхэпльжащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

ЩIэблэрэ Интернетымрэ

Ямылейуэ Интернетыр сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ кьагъэсэбэпыным кьишэ зэранигъэм теухуауэ Налшык и Къэбэрдей уэрамым щекIуэкIа Iуэхум адэкIи къыкIэлъыкIуэнущ.

«ИНТЕРНЕТЫНШЭУ зы сихьэт» зыфIаща Iуэхур куэдым гунэс зэращхьэр къыхигъэщу, дяпкlэ яIэ мурадхэм тепсэлъыхьащ Налшык и эколого-биологическэ центрым и гъэсэн ЛIыIэщIэн Сабинэ. Дыкъэзыхъухьуреихь дунейм, цlыху гъащIэм щIэуэ къыхьыха Iэмалхэм ятеухуауэ Сабинэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ проект купщIафIэ куэд. Сабин 100-м нэс зыхэта Iуэхум къыкIэлъыкIуэу, ЛIыIэщыным иригъэкIыну и мурадщ нобэ Интернетымшэу гъащIэр зи нэгу къыщIэзыымыгъэхьэф студенту, школаIуэу ди республикэм исхэм я бжыгъэр гъэбелджылымрэ абыхэм дерс къызыхахьи псалъэмакъ щхьэпэрэжь. Сабинэ ипэкlэ иригъэкIуэкlа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкlэ, ди щыналъэм щыпсэу адэ-анэхэм я процент 31-рщ я бынхэм Интернетыр къызэрагъэсэбэп щыкlэм кIэлъыплъыр. «Апхуэдэу адэкlэ Iуэхур екIуэкlмэ, пхуымыгъэзэкIуэжьын зэранигъэ къишэнщ. Абы къыхэкIыу, ди центрым и лэжьыгъэми пытщэнущ. Ди мурадщ адэ-анэхэми сабийхэми Интернетым кьишэ зэранынгъэ абы «уэрысыну» пIалъэр зыхуэдизымрэ кьагурыдгъэзыну. Дуней псом аджыпсту а Iуэхум гупльэтэ щегъуэт. Дэри а Iуэхум дыпэджэжьынущ лэжьыгъэ купщIафIэкlэ, - жиIащ Сабинэ.

МЫЗ Ахьмэд.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, НэщIэпыдэж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм ядлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ - 40-15-31; зэдзэкlакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епlыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэтыц КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

***Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* Джатокъуэ Залиме, *редактору* ЖьэкIэмыхъу Маринэ, *корректорхэу* Щоджэн Инне *(1, 2-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дизайнкъуэгъу* Нэужькъуэ Заирэ. *Компьютерхэр газетым и тепIэгъ ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ. Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.**

Газетым Iэ тредзэн ячуейр сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.723 ● Заказ №761

«Спартак-Налшыкыр» пщIэншэу зэбграш

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкlэ и лигэ псоми иджыпсту зыщагъэпсэху. Мазэ дэкlмэщ абыхэм зэхьэзэхуэм щыщlадзэжьынур, арщхьэкlэ и гуащIэгъуэу футболистхэр зэбграш.

ЯПЭ дивизионыр ибгынами, «Спартак-Налшыкыр» гулъытэншэ хъуакъым. Абы и тренерхэмрэ футболистхэмрэ щIэупщIэшхуэ яIэщ.

Псом япэу «Спартак-Налшыкыр» ибгынащ абы и тренер нэхъыжь **Дроздов Юрий**. Минск и «Динамо»-м щылэжьэну ар ирагъэблагъащ.

КъуэкIыпIэ Жыжьэмкlэ инэтIащ ди гъащIэхэтэгъэм я тренеру щыта **Кращенко Сергей**. Иджы ар щылэжьэнущ етIуанэ дивизионым и гупхэм ящыщ зым щытекIуэу япэ гупым кIуэну хуитныныгъэ къихьами, абы хэтыну мылъкукlэ зэрыпэмылъэщыгъэ зыгъэIуа «Чита»-м и пIэкlэ Футбол Лъэпкъ Лигэм ираригъэкIуэкI зэхьэзэхуэм къыхагъэна Владивосток и «Луч-Энергия»-м. А командэм зэрыхьхьамкlэ зэгуры Iуэныгъэм Iэ традзащ «Спартак-Налшыкым» и капитан **Бажэ Амир**, гъуащхьэхъумэхэу **Соблир Астемыррэ Марченкэ Александрэ**, гъуащхьаэу **Чхапелие Ника**. Владивостокдэсхэм яхэту абыхэм иджыпсту загъасэ.

2016 - 2017 гъэхэм япэ дивизионым щекIуэкIа зэхьэзэхуэм и гъащхьэтет нэхъыфIу къыщыдгъэлъапIуну **Антипов Антон** къыщыкIэлъыплъыну Мэзкуу и ЦСКА-м яшаэу иджыпсту а командэм и гъусэу Австриеи зыщегъасэ. Фигу къэдгъэкIыжьынщи, блэкIа зэхьэзэхуэм щриIэкlуэкlа зэIущIэхэм ящыщу 13-м Антиповым и гъуэм зы топи къыщыдагъэкIыфакъым. Ар, дауи, зи фIыгъэхэм ящыщщ ди гъащIэхъумэхэри. Абы къыхэкIыуи щIэупщIэшхуэ абыхэми яIэщ. Къапщтэмэ, мы илъэсым и пэм Футбол Лъэпкъ Лигэм ираригъэкIуэкI лъыплъа **Мэкъуауэ Залим** иджы и зэфlэкlхэр «Тюмень»-м щызэхигъэкIынущ. Абы и гъусэу а командэм иджыпсту хэтщ, **Мурачёв Олег**. КъищынэмыщIауэ, ди гъащIэхъэхъумэныкъуэ лъэрызехьэ **Багъэтыр Альберт** «Тюмень»-м хьыхьакIэщ. Псалъэм кьыдэкIуэу къыхэдгъэщынщи, тюменцэхэм я капитан, япэ дивизионым и гъащIэхьауэ нэхъ Iэзэхэм ящыщ **Мамтэ Хьэсанэ** премьер-лигэм щыджэгу Мэхъэчкъалэ и «Анжи»-м ирагъэблэгъащ.

«Спартак-Налшыкым» и гъащIэхьэхъумэныкъуэхэу **Крамаренкэ Сергейрэ Дроздов Никитэрэ** иджыпсту Ярославль щыIэщ. Я джэгукIэр ягу ирихьмэ, ахэр «Шинник»-м хагъэхьэнущ.

«Краснодар»-м Воронеж и «Факел»-м бдзэнэду иригъэIыгъа **Болэ Руслан** иджы зыхьыха Курск и «Авангард»-м гъусэ къыщыхуэхъуфыснущ **Войнов Денисрэ Дашаев Аслъанрэ**. Апхуэдэу къэхъумэ, ахэр япэ дивизионым къыхэнэнущ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, абдежми къыщыывыIэну къыщIэкIынукъым «Спартак-Налшыкыр» зэбграшныр. Езы щIалэхэри зэтеIыгъэуейщ, сыту жыIэмэ дэтхэнэ футболистми зыкъигъэльэгъуэну иIэ илъэсипщIыкIутху пIалъэм и цlэр фIыкIэ игъэIун, и унагъуэр зэрипIын ахъшэ кьилэжьын хуейщ. ИужькIэ кIасэ хъунущ. ГущIыхьэращи, ахэр къэзыщтэ командэхэм «Спартак-Налшыкым» зы соми къратынукъым, ди клубым иращIыIа зэгурыIуэныгъэхэм я пIалъэр зэриухам къыхэкIыу.

Зэрынэрылъагъущи, ди командэр пкъыншэу къэнэнкlэ шынагъэушхуэ щыIэщ. Абы щыгъуэми зи чэзу зэхьэзэхуэм щIидзэнным зыкъэнэжар зы маззщ. Зэкlэ «Спартак-Налшыкым» къыхьхьакlэ тщIэр **Чугайнов Игорщ**. Ар къыдэIэпыкъуну **Биджиев Хьэсэнбий** ди командэм и тренер нэхъыжьу къригъэблагъащ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.